



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 30 jiyè 2013

### **GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA SOU DEVLOPMAN EKONOMIK JWÈT REJYON NÒ NY**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a Lwa sou Devlopman Ekonomik Rejyon Nò NY (Upstate NY Gaming Economic Development Act), yon nouvo lwa detaye ki, annatandan apwobasyon yon referandòm otòn sa, pral etabli kat destinasyon touristik jwèt nan rejyon Nò New York epi stimile touris ak devlopman ekonomik nan kominote atravè rejyon an. Dapre plan jwèt kazino ki prezante nan nouvo lwa a, tout lokalite nan eta a pral pataje ogmantasyon èd nan edikasyon, ouben pi ba taks fonsye, kèlkeswa kote kazino yo sitiye.

“Nou konsantre nou sou kreyasyon djòb ak stimilasyon ekonomi lokal nan rejyon Nò New York, kote plizyè dizèn ane degrengolad te gen gwo enpak nan kominote nou yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Nouvo lwa sa pral mete eta a yon pa pi pre pou etablisman destinasyon touristik pou jwèt nivo mondyal ki pral atire touris nan rejyon Nò a epi sipòte plizyè milye djòb byen peye ak tou nouvo revni pou biznis lokal. Pandan twò lontan, resèt jwèt kite New York pou ale nan eta vwazen nou yo. Jounen jodi a, n ap mete Eta New York nan yon pozisyon pou fè dola sa yo depanse isit nan kominote nou yo, sa ki pral nan benefis ekonomi lokal ak endistri touris nou yo, epitou sipòte edikasyon ak alejman enpo fonsye.”

Senatè John Bonacic te di konsa, “Nou antoure ak jwèt kazino nan lòt Eta. Ak legalizasyon li nan New York nou ka kreye plizyè milye djòb epi pèmèt investisman plizyè milye dola. Jwèt ka amelyore ekonomi Catskills la anpil. Gouvènè Cuomo mennen li sou wout siksè isit la. Nenpòt moun ki vle plis lajan pou edikasyon ak plis djòb dwe vote pou referandòm jwèt la nan mwa novanm kap vini an.”

Manm Asanble Gary Pretlow te di konsa, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo dèske li siyen nouvo lwa sa ki pral mete Eta New York yon pa pi pre pou enstalasyon kazino nan Catskills yo, Southern Tier la ak Rejyon Capital la. Destinasyon touristik sa yo ap vle di bon nouvèl pou kominote lokal yo, ekonomi lokal yo ak moun yo nan eta nou an. Jwèt gen kapasite pou l kreye nouvo djòb pou Nouyòkè epi mennen rezidan nan sid eta ak touris nan atraksyon rejyon Nò yo, epi nouvo lwa estraòdinè sa pral mete nou nan yon pozisyon pou fè jwèt kazino tounen yon boustè ekonomik nan Eta New York.”

Men detay esansyèl ki nan nouvo lwa Gouvènè a siyen jodi a:

Haitian Creole

**Adrès Stasyon Jwèt Touristik:** Nouvo lwa a otorize kat stasyon jwèt touristik pou ranfòse devlopman touris. Stasyon jwèt touristik pral chwazi sou baz konpetisyon ki chita sou enpak devlopman ekonomik stasyon an. Stasyon jwèt touristik otorize nan twa rejyon eta a: rejyon Hudson Valley–Catskill, rejyon Capital District-Saratoga, ak Santral-Southern Tier. Yon rejyon ka genyen jiska de kazino si konsèy ki syeje nan eta a detèmine sa. Okenn stasyon jwèt touristik pa ka otorize nan Westchester, Rockland, Putnam, New York City, ouben Long Island. Pral genyen yon peryòd esklizivite setan kote Eta a pa pral lisansye okenn lòt stasyon jwèt.

**Regleman ak Seleksyon:** Komisyon Jwèt Eta a pral sipèvizè regleman stasyon jwèt touristik. Komisyon Jwèt la nommen yon konsèy kote manm yo gen espètiz nan finans ak devlopman, ki pral detèmine montan depans kapital minimòm ak frè lisans ki obligatwa pou yon demandè stasyon jwèt touristik nan chak rejyon epi fè seleksyon yo.

- o To taks sou machin distribitè otomatik pral egal ak to taks sou enstalasyon jwèt lotri videyo ki egziste nan chak rejyon ki nan limit aktyèl ant 37% ak 45% depandan rejyon an.
- o To taks la sou jwèt tab pral 10%.
- o Peman ki egziste nan sektè kous la pou prayaj ak elvaj pral konsève.
- o Pa pral genyen okenn stasyon jwèt touristik nan rejyon ki gen akò esklizivite tribal.

Konsèy la pral blije evalye aplikasyon pou stasyon jwèt touristik sou kritè spesifik: 70 pousan desizyon sou anplasman yon stasyon jwèt touristik pral chita sou faktè aktivite ekonomik ak devlopman komèsyal; 20 pousan sou faktè enpak lokal ak anplasman; epi 10 pousan sou faktè mendèv. o Sipò lokal pou aplikasyon pou Stasyon dwe montre li se yon egzijans limit pou aplikasyon an.

Komisyon Jwèt la otorize pou l envestige konpetans demandè lisans jwèt la, san bliye repitasyon ak stabilite finansye li, epi defini kritè pou lisansye endividi ak biznis kap travay nan, ouben fè afè ak, stasyon touristik la. Se Komisyon Jwèt la k ap regile stasyon jwèt touristik ak tout endistri sèvis konèks yo nan yon mannyè strik ak detaye. Minimòm laj legal pou jwe nan stasyon jwèt touristik ap 21 lane, epi fimen pap otorize nan kat stasyon jwèt touristik yo.

**Tout Lokalite ki Benefisye Ogmantasyon Èd nan Edikasyon:** 10 pousan nan resèt fiskal Eta a pral pataje egal ego ant minisipalite dakèy la ak konte dakèy la. 10% resèt fiskal Eta a pral ale nan lòt konte nan rejyon kote stasyon jwèt touristik la sitiye a pou bay alèjman taks ouben asistans pou edikasyon. 80% resèt fiskal Eta a pral sèvi nan tout eta a pou edikasyon elemantè ak segondè ouben alejman taks fonsye. Èd pou edikasyon an pral ajoute epi pral rantre nan fòmil edikasyon ki egziste nan eta deja. Si referandòm sou jwèt la vote, 10% nan resèt jwèt Eta a preleve nan enstalasyon jwèt endyen yo pral distribiye nan konte ki nan chak zòn esklizivite respektif ki pa resevwa lòt pataj resèt esklizivite.

**Abòde Pwoblèm Jwèt Kazino ak Trichri:** Fon pou pwoblèm jwèt aza pral ajoute atravè yon enpozisyon \$500 frè anyèl sou tout machin lajan ak jwèt tab. Stasyon jwèt touristik pral mande pou devlope pwogram tretman konplè pou moun ki gen depandans ak jwèt aza, epi pati nan desizyon pou anplasman

yon stasyon jwèt touristik pral chita sou kalite pwogram tretman pou moun ki gen depandans ak jwèt aza aplikan an genyen. Tout stasyon touristik pral gen obligasyon pou yo genyen politik esklizyon, epi regleman an prevwa bay moun dwa retire tèt yo nan stasyon jwèt touristik yo. Yo ajoute nouvo seri enfraksyon spesifik sou jwèt pou anpeche trichri nan stasyon Jwèt touristik. Yo konsidere Cyber kafe lotri kòm spesifikman kriminel.

**Prevansyon Koripsyon:** Yo otorize yon pòs enspektè jeneral jwèt eta pou anpeche koripsyon nan Komisyon Jwèt la.

**Akò ak Jwèt Endyen:** Esklizivite zòn jwèt endyen an konfime.

**Tèminal Lotri Videyo:** Lejislasyon an otorize OTB Nassau ak Suffolk pou kreye yon sant jwèt aza lotri videyo tou nan chak lokal OTB avèk yon maksimòm 1.000 machin nan chak lokal. Sizoka referandòm sou jwèt la pa ta vote, Komisyon Jwèt la otorize pou l tabli sou yon baz konpetitif jiska kat enstalasyon jwèt lotri videyo, youn nan chak rejyon, nan Capital District a, Eastern Southern Tier, Catskills, ak Konte Nassau, sou baz kritè resèt kap jenere ak devlopman ekonomik. Enstalasyon jwèt lotri videyo adisyonèl nan New York pral jwenn nouvo finansman pou èd nan edikasyon.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418